

## San Sipriz:

# Konprann dwa w genyen yo pou w kont bil medikal sipriz yo

Lwa San Sipriz la (No Surprises Act) pwoteje moun ki kouvri anba plan sante an gwoup yo ak anba plan sante endividylèl yo pou yo pa resevwa bil medikal sipriz lè yo fin resevwa pifò sèvis ijans, oswa sèvis ki pa ijans nan men founisè ki andeyò rezo a nan etablisman ki nan rezo a, ak sèvis nan men yon founisè sèvis anbilans elikoptè ki andeyò rezo a. Li etabli tou yon pwosesis endepandan pou rezolisyon konfli ant plan yo ak founisè yo, epi li ofri nouvo possiblite pou rezolisyon konfli pou moun ki pa gen asirans ak moun ki peye pou tèt yo lè yo resevwa yon bil medikal ki pi wo pase estimasyon bòn fwa founisè a te ba yo a.

Depi 2022, gen nouvo pwoteksyon ki anpeche bil medikal sipriz yo. Si ou gen asirans maladi prive, nouvo pwoteksyon sa yo entèdi pifò bil sipriz ki pi komen yo. Si w pa gen asirans oswa si w deside pa itilize asirans maladi w la pou yon sèvis, anba pwoteksyon sa yo, ou ka souvan jwenn yon estimasyon bòn fwa sou pri swen w yo alavans, anvan vizit ou a. Si ou pa dakò ak bil yo ba w la, ou ka anmezi pou w konteste frè yo. Men sa ou bezwen konnen sou nouvo dwa ou yo.

### Kisa bil medikal sipriz yo ye?

- Anvan Lwa San Sipriz la, si ou te gen yon asirans maladi epi ou te resevwa swen nan men yon founisè ki andeyò rezo a oswa nan yon etablisman ki andeyò rezo a, menm si w pa t konnen, plan sante w la ka pa t kouvri tout depans andeyò rezo yo. Sa te kapab kite ou ak plis frè pase si w te resevwa swen nan men yon founisè oswa yon etablisman ki nan rezo a. Anplis de nenpòt ki pataj depans andeyò rezo a ou te ka dwe, founisè oswa etablisman andeyò rezo a ka voye bil ba w pou diferans ki genyen ant montan ki faktire a ak montan plan sante w la te peye a, sof si lalwa eta a entèdi sa a. Yo rele sa "faktirasyon balans." Yo rele yon balans inatandi ki soti kay yon founisè andeyò rezo a yon bil medikal sipriz tou. Moun ki gen Medicare ak Medicaid jwi pwoteksyon sa yo deja epi yo pa gen risk pou yo resevwa bil sipriz.

### Ki nouvo pwoteksyon pwoteksyon sa yo ye si mwen tou gen asirans maladi?

Si w gen yon kouvèti sante atravè patwon ou, oswa yon Mache Asirans Sante (Health Insurance Marketplace®),<sup>1</sup> oswa yon plan asirans maladi endividylèl ou achte dirèkteman nan yon konpayi asirans, nouvo règ sa yo pral:

- Entèdi bil sipriz pou pifò sèvis ijans yo, menm si ou jwenn yo andeyò rezo a epi menm si w pa gen apwobasyon alavans (otorizasyon davans).
- Entèdi pataj depans andeyò rezo a (tankou ko-asirans oswa kopèman andeyò rezo a) pou pifò sèvis ijans ak kèk sèvis ki pa ijans. Yo pa ka fè w peye plis pase pataj depans nan rezo a pou sèvis sa yo.
- Entèdi frè andeyò rezo yo ak fakti balans pou kèk sèvis anplis (tankou anestezi oswa radyoloji) founisè andeyò rezo a bay kòm yon pati nan vizit yon pasyan nan yon etablisman ki nan rezo a.
- Egzije pou founisè swen sante yo ak etablisman yo ba ou yon avi ki fasil pou konprann ki eksplike pwoteksyon faktirasyon ki aplikab yo, ki moun pou w kontakte si w pè pou yon founisè oswa yon etablisman pa t vyole pwoteksyon yo, epi konsantman pasyan an nesesè pou yo ka renonse a pwoteksyon bil yo (sa vle di, ou dwe resevwa avi epi bay konsantman pou yon founisè andeyò rezo a ka faktire balans pou ou).

<sup>1</sup> Health Insurance Marketplace® se yon mak sèvis Depatman Sante ak Sèvis Sosyal Etazini (U.S. Department of Health & Human Services) ki anrejistre.

## **E si mwen pa gen asirans maladi oswa si mwen chwazi pou m peye pou swen m yo poukont mwen san mwen pa itilize asirans maladi mwen an (yo rele l tou "otopèman")?**

Si w pa gen asirans oswa si w fè otopèman pou swen w yo, nan pifò ka yo, nouvo règ sa yo asire w ou ka jwenn yon estimasyon bòn fwa sou konbyen swen w lan ap koute anvan menm ou resevwa l.

## **E si yo fè m peye plis pase estimasyon bòn fwa mwen an?**

Pou sèvis yo te founi an 2022 yo, ou ka konteste yon bil medikal si dènye frè ou yo omwen \$400 pi wo pase estimasyon bòn fwa ou a epi si ou depoze reklamasyon pou kontestasyon ou an nan 120 jou apre dat ki sou bòdwo w la.

## **E si mwen pa gen yon anplwayè, yon Marketplace, oswa yon plan endividyèl ki banm asirans? Èske nouvo pwoteksyon sa yo valab pou mwen?**

Kèk pwogram kouvèti asirans maladi deja gen pwoteksyon kont bil medikal sipriz yo. Si w koutri anba Medicare, Medicaid, oswa TRICARE, oswa si w resevwa swen atravè Sèvis Sante Endyen yo (Indian Health Services) oswa Administrasyon Sante Veteran yo (Veterans Health Administration), ou pa bezwen enkyete w paske w deja pwoteje kont bil medikal sipriz yo k ap soti nan men founisè ak etablisman ki patisipe nan pwogram sa yo.

## **E si eta mwen an gen yon lwa sou faktirasyon sipriz?**

Lwa San Sipriz la konplete lwa sou faktirasyon sipriz leta yo; li pa ranplase yo. Olye de sa a, Lwa San Sipriz la pito kreye yon "planche" pou pwoteksyon konsomatè yo kont bil sipriz founisè andeyò rezo yo ak pi gwo responsabilite pataj depans pou pasyan yo. Konsa, kòm yon règ jeneral, toutotan lwa sou faktirasyon sipriz yon eta bay omwen menm nivo pwoteksyon pou konsomatè yo kont bil sipriz ak pi gwo pataj depans menm jan ak Lwa San Sipriz la ak règleman aplikasyon li yo, lwa eta a ap jeneralman aplike. Pa egzanp, si eta w la gen pwòp pwosesis rezolisyon konfli pasyan-founisè pa l ki detèmine pouvantaj pèman apwopriye pou konsomatè ki peye pou pwòp tèt yo a epi Sante ak Sèvis Sosyal (Health and Human Services, HHS) te detèmine pwosesis eta a satisfè oswa depase kondisyon minimòm anba pwosesis rezolisyon konfli pasyan-founisè federal la, lè sa a, HHS ap defere l bay pwosesis eta a epi li p ap aksepte kontestasyon sa yo nan pwosesis Federal la.

Kòm yon lòt egzanp, si eta w la gen yon Akò Modèl pou Tout Peyè (All-Payer Model Agreement) oswa yon lòt lwa eta ki detèmine ki montan pèman pou yo bay founisè yo ak etablisman yo ki pa nan rezo a pou yon sèvis, All-Payer Model Agreement lan oswa lòt lwa eta a pral jeneralman detèmine montan pataj depans ou a ak pouvantaj pèman andeyò rezo a.

## **Ki kote mwen ka jwenn plis enfòmasyon?**

Ou toujou gen kesyon? Vizite [CMS.gov/nosurprises](https://www.cms.gov/nosurprises), oswa rele Biwo Èd la nan 1-800-985-3059 pou plis enfòmasyon. Itilizatè TTY yo ka rele 1-800-985-3059.